



**Enstriksyon ak Aplikasyon
Pèmi Idantifikasyon Pakin Espesyal Vil New York
(Ki rele tou Pèmi Pakin pou Andikap Vil la)
Pèmi Pakin pou Moun ak Andikap (Parking Permits for People with Disabilities, PPPD)**

Bonjou,

Pou nou kapab sèvi kliyan nou yo pi byen, inite Pakin pou Moun ak Andikap (PPPD) nan Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, DOT) te sanble yon lis kesyon moun poze souvan ak repons yo ki kapab ede gide nouvo aplikan yo nan pwosesis aplikasyon an.

Kijan m ap fè konnen si mwen kalifye pou yon pèmi PPPD?

Si ou se yon rezidan oswa ou pa yon rezidan Vil la epi ou gen yon andikap pèmanan ki afekte mobilite ou anpil epi ou bezwen itilize yon machin prive pou transpò, ou kapab kalifye. *Tanpri note byen nou p ap ka mete yon plak machin komèsyal, plak biznis k ap vann machin, oswa plak pou yon machin lokasyon sou yon pèmi pou PPPD.*

Ki dokiman mwen dwe bay pou yon pèmi PPPD?

Aplikan yo dwe bay dokiman sa yo:

- Yon lisans chofè eta a te ba ou, yon kat idantite ki pa pou chofè eta a te ba ou, oswa yon kat ID Minisipal NYC (IDNYC). Tanpri asire ou non ak adrès ki sou aplikasyon ou a se menm ak adrès ki sou kat idantite ou a.
- Yon aplikasyon sètifye ak **dokiman medikal sipò (dat ki sou li pa plis pase yon (1) ane avan aplikasyon ou a)** ki pwouve andikap ou a yon Doktè Medikal (M.D.) oswa Doktè Osteyopati (D.O.) te ba ou epi yon doktè Depatman Sante ak Sante Mantal Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) te nome valide. .

Ki kalite enfòmasyon machin nan m ap bezwen bay?

Aplikan yo oblije bay yon kopi anrejistremachin ki ajou ak valab pou chak plak machin ki pral anrejistre ak pèmi an (li pa ka bay plis pase twa (3) plak). Tanpri pa voye foto viyèt nan vit devan yon machin. DOT pa p aksepte okenn nimewo plak machin ki gen yon jijman pou vyolasyon pakin ki poko regle ak Depatman Finans Vil New York la (Department of Finance, DOF). Pou jwenn plis enfòmasyon sou jijman pou vyolasyon pakin ki poko regle, tanpri ale sou sitwèb DOF la nan nyc.gov/DOF. *Tanpri note byen si ou gen plan enskri yon machin ou lwe, ou dwe mete yon kopi kontra pou lwe machin sa a.*

Kijan pou mwen soumèt aplikasyon mwen an?

- Li aplikasyon an epi siyen li
- Mete tout enfòmasyon yo mande sou fòm aplikasyon an
- Voye fòm ou a pa lapòs bay:

**NYC Department of Transportation
Permits & Customer Service (PPPD Unit)
30-30 Thomson Avenue – 2nd Floor
Long Island City, NY 11101-3045**

Ou ka depoze aplikasyon ou a nan adrès sa a tou. Antre DOT la se sou 30th Place, tou pre 47th Avenue. Fenèt sèvis kliyantèl la louvri ant 9:00 AM ak 4:30 PM.

Tanpri note byen: Yon mari, madanm, patnè domestik jan li defini nan Kòd Administratif Vil New York 1-112(21), paran, responsab legal, oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou jere aktivite aplikan sa a gen pou li fè chak jou kapab soumèt yon aplikasyon pou li. Tanpri note byen non ki sou aplikasyon an dwe parèt egzakteman menm jan ak non ki sou dokiman idantite a. N ap retounen aplikasyon ki pa konplè yo.

Sa ki pral pase apre yo resevwa aplikasyon mwen an?

- Inite PPP a pral egzaminen tout dokiman pou asire aplikasyon ou a konplè. Si yo konsidere aplikasyon an pa konplè, y ap retounen enfòmasyon yo ak yon lèt ki dekri enfòmasyon ki manke ou bezwen bay yo.
- Biwo PPPD a pral soumèt aplikasyon konplè ou yo bay Inite Medikal DOHMH la pou yo evalye. Si DOHMH apwouve aplikasyon w lan, PPPD ap bay ou yon pèmi.
- Si DOHMH refize aplikasyon w lan, y ap voye yon lèt ba ou pa lapòs ak yon eksplikasyon sou pwosesis pou fè kontestasyon an.
- Tanpri note byen tout pwosesis aplikasyon an ka pran jiska 90 jou.

N ap kenbe tout enfòmasyon ou soumèt ak aplikasyon an ak nenpòt dokiman medikal aplikan an soumèt apre bay DOHMH konfidansyèl, epi se sèlman ak moun k ap patisipe nan pwosesis sètifikasyon ak/oswa pèmi an n ap pataje enfòmasyon sa yo, nan mezi lalwa pèmèt oswa egzije sa.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan aplikasyon sa a, ou ka rele Sèvis Kliyan nan:
(718) 433-3100, pou Aparèy Telekomunikasyon pou Moun ki Soud (TTY) rele (212) 504-4115.

Nou apresye opòtinite pou sèvi ou epi nou remèsye ou pou koperasyon ou.

Rezidan New York yo ka jwenn yon Fòm Enskripsyon Elektè sou entènèt la nan: vote.nyc.ny.us oswa rele Komisyon Eleksyon an: 212-868-3692 Nimewo telefòn: 866-VOTE-NYC. Ou pa oblije enskri pou vote pou resevwa sèvis gouvènman yo.



Depatman Transpò Vil Nouyòk
PÈMI IDANTIFIKASYON PAKIN ESPESYAL VIL NEW YORK
PÈMI PAKIN POU MOUN AK ANDIKAP (PARKING PERMITS FOR PEOPLE WITH DISABILITIES, PPPD)
 Aplikasyon pou yon Pèmi Pakin pou Andikap **VILLA**

DOKIMAN IDANTITE: Tanpri mete yon lisans chofè Eta a te ba ou, yon kat idantite ki pa pou chofè eta a te ba ou; oswa, ID Minisipal NYC (IDNYC).

A. DOSYE PÈSONÈL *APLIKAN AN *moun ki gen andikap la		NIMEWO DOKIMAN IDANTIFIKASYON (ak Eta a, si genyen) #		ANSÈKLE YON SÈL Lisans Chofè ID ki pa pou chofè IDNYC	
Siyati		Prenon		Inisyèl Dezyèm Prenon	
Adrès Kay: Ri ak Nimewo Apatman		Sèks (ansèkle) G F		Wotè (an pye ak pous): Pwa (an liv):	
Vil		Eta		Kòd postal	
Dat Nesans		Nimewo Telefòn Kay		Nimewo Telefòn Mobil	
Adrès Imèl:					

B. PLAK LISANS W ap bezwen soumèt yon kopi ajou anrejistremachin pou chak nimewo plat lisans ki sou lis la. N ap fè ou konnen yo pral verifiye anrejistremachin ou soumèt yo pou wè si yo pa gen vyolasyon pakin ak Vil New York, epi nou p ap mete okenn plak machin ki gen jijman vyolasyon pakin ki poko regle sou pèmi ou a. Se sèlman twa (3) plak lisans ou ka mete pou chak pèmi.

1.	2.	3.
----	----	----

C. DEKLARASYON

Mwen deklare enfòmasyon yo ki nan dokiman sa a se verite epi yo kòrèk dapre sa mwen konnen ak kwè, epi mwen pa te fè espè pou mwen bay manti oswa bay enfòmasyon mwen konnen ki se manti epi mwen rekonèt gen sanksyon Lwa Penal New York § 210.45 pou moun ki bay manti. Mwen konprann yo pral pataje nenpòt enfòmasyon mwen bay la sèlman ak moun k ap patisipe nan pwosesis pèmi an, nan mezi lalwa pèmèt oswa egzije sa.

 DAT

 SIYATI APLIKAN AN*

REMAK: Si dokiman idantite ou a endike ou "Pa ka Siyen", tanpri kite espas anwo a ki di "Siyati Aplikasyon" an vid epi ranpli Seksyon D anba a. Si w ap bezwen sèvis yon entèprèt, tanpri presize nan ki lang:

D. * Si aplikasyon an poko gen 18 tan, tanpri bay non ak nimewo telefòn paran, responsab legal, oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou jere aktivite li gen pou fè chak jou yo. Si aplikasyon an gen 18 tan epi li pa ka siyen aplikasyon an, tanpri bay nimewo telefòn madanm, mari, patnè domestik, paran, responsab legal, oswa lòt moun ki gen responsablite legal pou jere aktivite li gen pou fè chak jou yo.

 Non

 Telefòn

 Relasyon

 Siyati Reprèzantan Chwazi

PAJ DOSYE MEDIKAL OU

REMAK: SÈLMAN DOKTÈ PÈSONÈL OU (M.D. oswa D.O.) GENDWA RANPLI FÒM SA A

E. DOSYE MEDIKAL AK ETA SANTE pou: *Non aplikan an jan li parèt sou Dosye Medikal yo (si li diferan):*
Non Aplikan an (jan li parèt sou Lisans Chofè Eta a eta bay oswa Lisans ki pa pou chofè Eta a te bay; oswa IDNYC): _____

Dat Nesans Aplikan an _____ - _____ - _____

Non Aplikan

Tanpri bay dyagnostik medikal pasyan an nan moman an ak fason li afekte KAPASITE LI POU MACHE. Endike BEZWEN LI OU APARÈY KI ASISTE nan moman an (si genyen). Tanpri bay nòt egzamen pi resan ki te fèt nan yon (1) ane oswa mwens ak dokiman medikal sipò (tankou rapò X-Ray, rapò egzamen CT, rapò MRI, rapò EKG/Tèst Stress, rapò PFT, rezilta EMG, ak rapò konsiltan) pou soumèt ak aplikasyon sa a.

Eksplike nan ki degre pwoblèm nan afekte kapasite li pou mache;

Dat dènye egzamen an:

Tanpri chwazi youn nan repons yo ki anba la a ki reprezante degre mobilite redwi a:

Mobilite redwi a: Tanporè Pèmanan

Nan opinyon ou, èske moun sa a gen yon andikap ki *egzije* pou li itilize yon machin prive pou transpò?

Wi Non

Tanpri bay pasan ou dokiman medikal sipò tankou rapò X-Ray, rapò egzamen CT, rapò MRI, rapò EKG/Tèst Stress, rapò PFT, rezilta EMG, ak rapò konsiltan (Nou p ap aksepte OKENN CD OSWA FIM MEDIKAL) pou soumèt ak aplikasyon sa a pou yon doktè Vil la nome kapab evalye epi sètifye mobilite redwi aplikan an. L ap enpòtan pou ou ranpli enfòmasyon sa a yon fason egzat epi ou reponn tout kesyon yo konplètman.

Sètifikasyon Aplikan Doktè Pèsonèl la:

Mwen konfime mwen te egzaminen aplikan non li endike anwo a pèsonèlman epi enfòmasyon yo ki prezante nan aplikasyon sa a pa rapò ak andikap moun sa a egzat.

Depi ou siyen anba la a, sa vle di ou sètifye enfòmasyon w ap bay yo vrè ak konplè, epi ou konnen gen pinisyon pou nenpòt fo deklarasyon ou bay selon seksyon 240.45 nan Lwa Penal Eta New York la. Answit, si ou ta bay nenpòt fo deklarasyon alekri, nou ka pote plent pou ou nan Biwo Kondwit Medikal Pwofesyonèl Depaman sante Eta New York (NYS Department of Health Office of Professional Medical Conduct)

SIYATI M.D oswa D.O.

(EKRI NON M.D oswa D.O. AK LÈT
DETACHE)

LISANS PWOFEYONÈL, ETA

DAT

ADRÈS

NIMEWO TELEFÒN



Dokiman Medikal pou mete ak nouvo Pèmi Idantifikasyon Pakin Espesyal Vil New York ou a (ki rele tou Pèmi Pakin pou Moun kk Andikap [Parking Permits for People with Disabilities, PPPD])

Tanpri mande Doktè Medikal oswa Doktè Osteyopati ou po li ba ou:

1. Dokiman medikal sipò ki te fèt nan yon (1) ane oswa mwens avan aplikasyon ou an ki gen ladan tè/rapò dyagnostik ak nòt egzamen medikal ki fasil pou li.
2. Nòt egzamen doktè ou yo dwe mansyone degre andikap ou a afekte mobilite ou. (Kapasite pou ou mache).

Lis anba a yo se egzamn dokiman sipò medikal selon pwoblèm medikal yo:

Kadyovaskilè: Nòt egzamen, Elektwokadyogram (EKG), Ekokadyogram, Tès Estrès (Stress Test) (rapò sèlman), Dopplè (Doppler), ak Anjyografi. Tanpri di kapasite pou mache, kanpe, pote, pouse, rale, ak leve.

Poumon: Nòt egzamen, egzamen tè fonksyon poumon (PFT), radyografi poumon (CXR), egzamen tomografi sou òdinatè (CT), n ap bezwen yon rapò pou oksijèn sipleman tè ki plis pase 12 zèdtan pa jou.

Doulè nan do / Atrit: Nòt egzamen Rematoloji, Òtopedik, Newoloji, **rapò** imajri rezonans manyetik (MRI), Radyografi (X-Ray), elektwomyografi (EMG), rezime operasyon pasyan an fè deja, **bezwen pou aparèy ki asiste (baton, aparèy pou ede mache, sipò, chèz woulant, elatriye).**

Dyagnostik Kansè: Nòt Kansè - eta pasyan an nan moman an, terapi l ap pran regilyèman - chimyoterapi, radyasyon, elatriye, operasyon li fè deja.

Ensifizans Renal Kwonik: Dyaliz, grèf, done dènnye laboratwa, **prèv l ap resevwa tretman regilyèman nan yon inite dyaliz.**

Kondisyon konjenital (Paralezi serebral, Sendwòm Downs, elatriye): Nòt egzamen fizik, Òtopedik, newolojik, oswa espesyalite apwopriye.

Pwoblèm Sante Mantal: Evalyasyon sikolojik, Nòt egzamen, rapò Pwogram Edikasyon endividyèl (IEP), ak / oswa egzamen Newolojik.

Pwoblèm Newolojik (Estwok, Newopati, Paralizi ak Demans): Nòt egzamen ki pi resan, imajri rezonans manyetik (MRI), elektwomyografi (EMG), **bezwen pou asistans aparèy / swen lakay.**

Si w gen nenpòt lòt kesyon konsènan dokiman medikal pou w voye ak aplikasyon ou a, tanpri rele Inite Sètifikasyon Medikal Depatman Sante ak Sante Mantal (DOHMH) nan (347) 396-6552.



Depatman Transpò Vil Nouyòk

PÈMI IDANTIFIKASYON PAKIN ESPEYAL VIL NEW YORK

PAKIN POU MOUN AK ANDIKAP (PARKING PERMITS FOR PEOPLE WITH DISABILITIES, PPPD)

LIS VERIFIKASYON pou yon Pèmi Pakin pou Andikap VILLA

Pou asire aplikasyon ou an konplè, tanpri li tout enstriksyon yo ki sou aplikasyon Vil la ak paj dosye medikal la.

Tout aplikan: Si nenpòt enfòmasyon ki endike anba la a manke, y ap voye aplikasyon tounen ba ou pa lapòs.

1. Eske ou te mete yon kopi dokiman idantite ou (yon Lisans Chofè eta a te bay, yon Kat Idantite ki Pa pou Chofè eta a te bay; oswa kat ID Minisipal NYC ki rele IDNYC tou)? [*Gade **Ki dokiman mwen dwe bay pou yon pèmi PPPD?** sou paj 1, Enstriksyon*]

2. Èske ou te mete yon kopi anrejistreman machin ou pou chak plak machin ki t ap parèt sou pèmi Vil la? Èske yo tout ajou (sètadi, yo pa ekspire)? [*Gade **Ki kalite enfòmasyon machin nan m ap bezwen bay?** sou paj 1, Enstriksyon*]

3. Èske tout anrejistreman machin ou yo ajou (sètadi, yo pa ekspire)? [*Gade **Ki kalite enfòmasyon machin nan m ap bezwen bay?** sou paj 1, Enstriksyon*]

4. Èske ou te verifye pou asire non ak adrès ki sou aplikasyon ou a se menm ak adrès ki sou kat idantite ou a?

5. Èske non ki sou dokiman medikal sipò ou yo se menm ak non ki sou paj dosye medikal ou a ? [*Gade **Dosye Medikal, Paj 4***]

6. Èske doktè ou te ranpli tout enfòmasyon medikal aplikan yo, epi li siyen ak mete dat sou paj dosye medikal la? [*Gade **Dosye Medikal, Paj 4***]

7. **Èske ou mete tout dokiman medikal sipò yo (tankou rapò X-Ray/CT/IRM, EKG/Stress Test, rapò konsiltan, elatriye) ak aplikasyon an? Èske tout dokiman yo gen dat ki ki te nan yon (1) ane oswa mwens avan aplikasyon ou an?** [*Gade **Enfòmasyon Dokiman Medikal DOHMH, Paj 5***]

8. Èske tout fòm ou yo ranpli konplètman? Èske ou te siyen ak mete dat la sou aplikasyon an?